


Township of Union Public Schools

Avi pou Child Find Aktivite

(Enfòmasyon sou aktivite pou twouve timoun ki genyen yon desabilite)

Daprè la lwa, lekòl piblik ki nan Union Township gen yon responsablite pou lokalize, idantifye, ak evalye tout timoun ki genyen yon desabilite ki bezwen edikasyon espesyal ak lòt sèvis ki gen pou wè ak edikasyon yo. Sa vle di tout timoun ki gen yon desabilite ki nan lekòl ki pa piblik, pitit travayè ki toujou ap relokalize pou travay yo, epi timoun ki pa gen kote pou yo rete, kèlkeswa gravite desabilite timoun nan. Distri a lokalize, idantifye epi evalye, si li nesèsè: timoun ki poko genyen laj pou rantrè lekòl (3-5 an), timoun ki kòmanse lekòl premyè fwa, timoun ki nan lekòl piblik ak prive, timoun ki transfere nan distri a ak timoun ki gen laj pou kòmanse lekòl men ki poko, men fò timoun sa yo rete nan Union Township. Paran timoun ki genyen yon desabilite ka rele Kim Conti, Direktris Special Services pou lekòl piblik ki nan Union Township, numero a se (908) 851-6478 ou byen ekri li nan 2155 Morris Ave, Union NJ 07083. Apre paran an fin ekri lèt la, distri a pral fè yon premyè rankont ak li pou deside si timoun nan bezwen rekòmandasyon pou edikasyon espesyal ak lòt sèvis ki gen pou wè ak edikasyon yo. Distri a genyen edikasyon espesyal ak lòt sèvis pou supòte edikasyon timoun ki gen 3 zan jiska 21 an. Si yon paran bezwen enfòmasyon, pou yon timoun ki fenk fèt jiska 3 zan, ke yo panse ki ka gen yon desabilite ou byen ki genyen yon desabilite, kontakte Project Child Find (ki se yon sèvis NJ Department of Education genyen nan IDEA, Part B program nan US Department of Education) nan 1 (800) 322-8174.



Dr. Patrick Martin, Superintendent of Schools